Нобэ Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№241 (22.649) • 2013 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 12, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Хабзэ нэхъыщхьэм щІалэгъуалэр зэреплъыр

Урысейм и иджырей Конституцэр етхуанэщ, а тхум ящыщу цІыхубэр янэу арэзы зытекІуэри араш.

Ди къралым и Конституцэр 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м къащтащ. Абы Лъандэрэ а махуэр ягъэлъапІэ.

НАЛШЫК Гъуазджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ институтым щекІуэкІащ Урысей Федерацэм и Конституцэр ильэс 20 зэрырикъуэ теухуауэ «Тхыдэ фэеплъ» проектым кІрубыдэ студент конференц. ЗэІущІэм хэтащ Гъуазджэхэмкіэ институтым и ректор **Рахаев Анатолий**, КЪР-м и Конституционнэ судым и унафэщІым и кІуэдзэ **Ахьуэхьу Мурат,** институтым и егъэджакІуэ **Ахьуэхьу Светланэ,** «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ **Канунниковэ Татьянэ** сымэ. Конференцым хэтащ республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэс студентхэр.

Ахьуэхьу Светланэ ныбжьыщІэхэм якІрІащ УФ-м и Конституцэр къэралым и цІыхухэм я щІэІэкІэ-псэукІэр ефІэкІуэным хуэунэтІауэ зэрылажьэрикІи абы кІигъэув мардэхэр зэрагъэзащІэм куэд зэрелъытагр.

Канунниковэ Татьянэ конференцым хэт ныбжьыщІэхэм екъуэхъуащ екъуэлІэныгъэ яІэну, гупсысэ щІэщыгъуэхэр къатІэнэІуэну.

Студентхэм кьаГъэлъэгъуащ къэралым и Хабзэ нэхъыщхьэм теухуауэ яІэ щІэныгъэр, фІагъыу, щыщІэныгъэу абы хэту къалыгъэхэр. Псалъэм папщІэ, Конституцэм и мыхьэнэм, абы зэрызегъэужьыпхъэм я гугъу ищІащ КъБКъУ-м и студент Будаев Казбек.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Конституцэми щыщІэныгъэхэр хэлъщ. Абы кьигъэув мардэхэр псоми зэхуэдэу зэрамыгъэзащІэми дыщыгъуаззщ. Къэтщтэнщ ІулъхьэкІ, кьулыкъыр я щхьэ Іуэхуэкіэ кьагъэсэбэпыным мыхьумыщІагъэу пыщІар. АрикІэщІыпІэкІэ кьыззэрыдгъэувыІэн Іэмал кьэдгъуэтын хуейщ. Арэзы укъинщІырхьым кьэралым сабий ахьшэу ит сом бжыгъэ мащІэми. Ар цІыхухэм я гукъеуэхэм ящыщщ.

Конституцэм и щхьэу кьызэлыпытэ цІыхухэм хэлъын хуей гъэсэныгъэр, гущІэгъур, дуней тетыкІэр. Сыту жыпІэмэ, ахэр зыхэлъым кьыгурыІуэнущ хабзэм ебакъуэ зэрымыхъунури, - жиІащ Казбек.

ЗэІущІэм кьеблэгъахэм кьыхагъэщащ Конституцэм и мардэхэм кьэралым кьару щІэныр зи щІалэгъуэм кІуэдІэ зэрелъытар.

ГУГЪУЭТ Зарем.

УФ-м и Президентыр Темыркъан Юрэ йохъуэхъу

Путин Владимир Санкт-Петербург Шостаковичи Дмитрий и цІэр зезыхъэ и академическэ филармониемрэ и художественэ унафэщІ Темыркъан Юрэ ильэс 75-рэ зэрырикъуамкІэ екъуэхъуащ.

АБы ТЕУХУАУЭ игъэхьа телеграммэм кьэралым и Іэтащхьэм кьыщыхигъэщхьэхукІащ Темыркъан Юрэ иджырей лъэхъэнэм и музыкант нэхъ гъэзэджэ дыдэхэм зэращыщыр, абы и гъащІэмрэ и зэфІэкІымрэ гъуазджэм хуэпэжьэным зэрыхигъэпсар.

«Лъэныкъуэ куэд кьызэщІиубыдэу уэ ебгъэкІуэкІ лэжьыгъэшхуэм, хэкум и щэнхабзэм кьыдэгъуэгурыкІуэ хабзэшхуэхэр хуэмынмрэ абыхэм зегъэужьыным рэ ун щхьэкІэ хэпщІыхьхэм, зэфІэкІ зыбгъэдэпэ щІалэгъуалэм унгури уи псэри зэІухауэ уаззрыдэІэпэныкъум кьыхэкІиу пщІэшхуэ кьыпхуащІыну пхуэфащэщ«, - кьыщыгъэпъгъуащ Президентым и телеграммэу Кремлым и www.kremlin.ru официальнэ сайтым ираугъхьам.

Ди хэкуэгъу цІэрыІуэм республикэм исхэм я цІэкІэ екъуэхъункІи абы и гуфІэгъэ пшыхьым хэтын папщІэ Санкт-Петербург макІуэ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Фыырэ Руслан, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, нэгъуэщІхэри.

●Лъэпкъ политикэ

Къэрал къулыкъущІэхэр ирагъаджэ

Лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурыІуэныгъэ дэлъыныр зи кьалэным хьыхь къэрал, муниципальнэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм семинар-тренингэр щыпрагъэхІуэкІ КЪБР-м Хъыбарегъащ1э Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьныгъэхэмкІэ и министерствэм и конференц-пэщым.

СОЦИАЛЬНО-экономикэ, политикэ-хабзэубзыкъ кьэхутэныгъэхэмкІэ центрым и унафэщІ, УФ-м и Президентым дежи Щ1ыхуб хозяйствэмрэ къэралыкъуэ щІапІэмкІэ щыІэ Урысей Академием и Кавказ Ищхьэрэ институтым къэрал, муниципальнэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІым и къуэдзэ, политикэ щІэныгъэхэм я кандидат **Агеевэ Екатеринэ** лъэпкъ зэхущытыкІэхэм теухуауэ къэпсэлъащ.

Іуэхум куууэ хэзыгъэгъуаз зэ тренингэр сэбэн мэхъу ди щыІэкІуэфащэм и хэкІыпІэхэр, бгъэдыхьэкІэ щІэщыгъуэхэр, ІэмалыщІэхэр кьаГъэлъэгъуэныкІэ. Къэрал къулыкъущІэхэмрэ егъэджэныгъэм пыщІахэмрэ лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэгурыІуэныгъэр зыгъэбыдэн Іуэхухэр яубыху.

- Зи щэнхабзэхэр зэтемыхуэ лъэпкъ куэд зэрыс къэралым и дежкІэ дызытепсэлъыхь Іуэхугъуэм сытым дежи мыхьэнэ иІиш. Иужьрей зэманым Кавказ Ищхьэрэм зэпэщІэуэныгъэхэр зэрыщекІуэкІыр, абыхэм хамэ къэралхэм яжь къаз эрыщІихур къэпльытэмэ, УФ-р мы щытыкІэм къызэрикІыфыну ІэмалыщІэхэм екэлІэн хуей мэхъу, - жиІащ Агеевэ Екатеринэ.

Абы кьыхигъэщащ Урысейм лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэным хэгъэзэ къэрал политикэм «УФ-м и къэрал лъэпкъ политикэм и ухуэкІэр» проектыр лъабжьэ зэрыхуэхъур. Агеевэм зэрыжиІамкІэ, лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкІэр гъэтэмэныным теухуа программэ зиІэр республикэ закъуэтІакъуэщ. Абы кьыхэкІыу, щІынальэм и мыльку кІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкІуэкІ семинар-тренингхэр мыхьэнэ ин зиІэ лъэбакъуэщ.

- «ЩІыналъэ, муниципальнэ властхэм я хуитныгъэхэр, лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкІэхэмкІэ абыхэм яхь жэуапльныгъэр» 284-нэ Федеральнэ законым кьегъэувы муниципальнэ кьулыкъущІэхэм мы Іуэхум фІыуэ хащІыкІын хуейуэ. А законыр бгъэзэщІэн папщІэ, хабзэкІэ щІэгъэбыда гупсысэ пыухыкІа гуэрым уригъуэзэн хуейщ, - кьыхигъэщащ Бахьсэн кьалэм дэт школ №5-м и унафэщІ Шэт Заур.

ДЖЭДГЪЭФ Мариф.

Гъуэгур зэрагъэпэщыжащ

КЪБР-м Транспортымкіэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм, Іуащ1ахьэмахуэ районым, Гундэлэн кьуажэм я администрацэхэм кьызэрагъэпэщ1а комиссэм километри 2,9-рэ зи кІыхьагъ Гундэлэн - Солнечнэ автомобиль гъуэгур тэмэму зэрагъэпэщ1ыжауэ кьитныгащ. «Кавказ-Строй» жзуап зэхэзгъэщхьэхуэхкІа зыхь зэгуэныгъэм я гъуэм я гъуэм хлубыдэу теть гъэмыжыр, бжьамийхэр зыщІэгъэ псы щІэжьипІэу щы, апхуэдэу гъуэгубгъуэм хлубыдэ щІыпІэ нэхъ задэхэр кьызэрищІыкІа мывэ блынхэр зыхуей хуигъэзащ.

А лэжьыгъэ псоми трагъэкІуэда сом мелуан 13,7-р республикэм и гъуэгу фонд хэхам и ахьшэщ.

ШУГДЫМ Оксанэ.

●Министерствэхэм

Щ1ыхухэм яхуозэ

КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкІэ и министерствэм щыхагъэгъуазэ, чэнджэщхэр щат и пунктыр Прохладнэ районым и жылагъуэ пхыдзахэм ящыщ Учебнэ кьуажэм щыІащ.

Министерствэм и Іэщ1агъэлІэкІэр щ1ыхуиплъым щІигъум ахуэзащ икІи псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэм пэкІуэу субсидиехэр зыхухах хэзмыщІахэм я тхыльхэр хуагъэхьэзыращ. Зи ныбжьыр хэкІуэтахэр хагъэгъуэзащ щ1ыхуэсыгъэнэзу зэхэзехуэн ящІахэм, ныкъуэдыкъуэхэм, лэжьыгъэм и ветеранэм льготэ зэрыхуагъэзыв щІыкІэм. Чесноковэ Светланэ щІэупщІащ «Лэжьыгъэм и ветеран» тхыльыр щІэкІэ зэрахъуэж хабзэм. 1991 зэзмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бахъуэ БетІал** кьызэралъхурэ ильэс 78-рэ ирокъу.

●Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Дыгъужь Къазбэч** и ныбжьыр ильэс 76-рэ ирокъу.

● Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Алэзыей Перэ** кьыщалъхуа махуэщ.

●Актер, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Балъкъыз Валерэ** и ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокъу.

●КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шал Любовь** кьыщалъхуа махуэщ.

●Бодибилдингымкіэ дуней псом и чемпион 2010 гъэм хъуа, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Лъапэуэ-дыгъу Рамзес** и ныбжьыр ильэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«Родина уапдех.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щ1ыщытынущ. Щ1ыпэр махуэм градус 11 - 9, жэщым градус 11 – 10 щ1ыхьэнущ.

Зыгъэхъэзырыр
ЖЪЭКІЭМЫХЬУ
Мариэт.

НОБЭ

Дыгъэгъазэм и 12, махуэку

●Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ

●1863 гъэм къэралым щыІэзу псыр бжьамийкІэ Я1эрыхьэу муеежащ Петербург и хьэлэ зыбжанэм щыпсэуэхэм. Бжьамийм километрищ и кІыхьагъ.

● 1993 гъэм Урысейм и тхьэдэщІэм щыяпІэу хахащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советымрэ Къэрал Думэмрэ хэтынухэр.

●1993 гъэм КъБР-м паламентІ хъу и Парламентыр хахащ.

● Къыргызызым и щІыхубэ тхакІуэ, Ленин саугъэтым и лауреат, СССР-м и Къэрал саугъэтым щэнейрэ и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ПЫхьужь **Айтматов Чингиз** къызэралъхурэ ильэс 85-рэ ирокъу.

●Юрист, КъБР-м и къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ **Губащ1ыкІ Владимир** и ныбжьыр ильэс 80 ирокъу.

●Тхакіуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Дыгъужь Къазбэч** и ныбжьыр ильэс 76-рэ ирокъу.

●Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Алэзыей Перэ** кьыщалъхуа махуэщ.

●Актер, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Балъкъыз Валерэ** и ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокъу.

●КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шал Любовь** кьыщалъхуа махуэщ.

●Бодибилдингымкіэ дуней псом и чемпион 2010 гъэм хъуа, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Лъапэуэ-дыгъу Рамзес** и ныбжьыр ильэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«Родина уапдех.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щ1ыщытынущ. Щ1ыпэр махуэм градус 11 - 9, жэщым градус 11 – 10 щ1ыхьэнущ.

Зыгъэхъэзырыр
ЖЪЭКІЭМЫХЬУ
Мариэт.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Узэмыджа гуемыІущи, узэуІу гъунэгъущ.

Адыгэ ныбжьыщІэхэм я театр

Араш фІащар Щ1оджэнщ1ыкІу Алий и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым дыгъэгъазэм и 13-м сихьэт 12.00-м щІидзэу щекІуэкІыну зэхэтхьэм.

Іуэхум хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Бахьсэн, Щэджэм къалэхэм, Урыху къуажэм я курыт еджапІэхэм щылажьэ драмкружокхэм щыдзэу ныбжьыщІэхэр.

Зэхьыхэр кьыхэзыпъхьари къызэзыгъэпэщари ХьэтІохьущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэрщ.

Театр утыкум щагъэлъэгъэнущ Іуп1ыж Борис и «Кушыкупш», Шинкуб Бэгъыраг и «ЖылакІ», «Кьуийщ1ыкІуэ нартхэмрэ» спектакІхэм щыщ пычыгъуэхэр, нэгъуэщІхэри.

Адыгэ щэнхабзэр, гъуазджэр, бзэр зыхъэмэну, абыхэм зезыгъэужьыну лъэпкъыр зыщыгъуэ щІэбгъэм я зэфІэкІыр зыпъаГъэну, сабий хэм я жэрдэмыр ядэзыІыгъыну хуейкэр зэхьыхэм фрагъэблагъэ.

Фондым ІуэхутхьэбзэхэмкІэ и къудамэм и Іэщ1агъэлІэхэм зэуэ щІыхуитІ ирагъэблагъэфынущ, чэнджэщ щахуетынущ, зыхуей хьыбархэм щыхагъэгъуэзэфынущ. Технологие лъагэм хэзщІа «ГАЗель»-м щІыгъущ связыр тэмэму кьыззэзыгъэпэщ антенн эр щагъэувэ гу щ1ыкІу. И кІуэщІым итщ щэнтиуэ, зэхуэгупэ тІысыпІитІ зиІэ стол-щ1ыкІуэну пІалъэмрэ зэуІуу ягъэбелджылы.

Дыз эрыгъ мазэм здэжьуэнухэр:

Щ1эрэдж район

Безенги къуажэ - дыгъэгъазэм и 12-м.

Дзэлыкъуэ район

Малкэ къуажэ - дыгъэгъазэм и 16-м.

ЯтІэкъуэ къуажэ-дыгъэгъазэм и 19-м

Налшык къалэ

Дыгъэгъазэм и 13-м

Дыгъэгъазэм и 20-м

Дыгъэгъазэм и 27-м

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

●Бюджетэр

Хуэди 5-м нэблагъэкІэ нэхъыбэ

Урысейм и ФНС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм мы гъэм и мазэпщІым налогрэ абы щ1ыщыу фІэкІыпІэнщ1эу ят ахьшэу сом мелардж 7-рэ мелуан 985,3-рэ бюджет пІэужьыгъуэ псоми хуэзщІагъэуІуащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ахуэзфІэкІам процент 14,6-кІэ щІегъу.

БЮДЖЕТ лІэужьыгъуэ псоми кьаІэрыхьа хэхъуэхэм ящыщу сом мелуан 862,6-рэ федеральнэ бюджетым хальхьащ. Ар илъэс кІуам и апхуэдэ зэманым хухахауэ щытам хуэдиз 4,8-кІэ щІегъу.

КъБР-м Экономикэ зыужьынигъэмкІэ и министерствэм финанс Іуэхухэмкіэ и кьудамэм зэрыщыжаІамкІэ, хэхъуэхэм я процент 90-м щІигъур акцизхэм кьапэкІуащ.

Мы гъэм и щІышылэ-жэпэгъуэ мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджет зэгъэуІуам и налог хэхъуэхэр сом меларди 7-рэ мелуани 122,5-м нэсащ икІи нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм зэрыхъуам процентри 4,9-кІэ щІигъащ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

●КЪБР-м и Пенсэ фондым

Тыншу икІи хуиту

Щ1ыхухэм ягъуэт Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым хэгъэхъуэным тещІыхьа программэм зэрыщыубзыхуам тету, лэжьыгъэм сыткІи хуэпэщса «ГАЗель» автобус щ1ыкІум хуэдэ 2009 гъэм и кІэм КъБР-м и Пенсэ фондым кьыхуэкІуауэ абы лъандэрэ щ1ыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуещІэ. Тыншу икІи хуиту абы пенсионерхэм щадолажьэ.

Фондым Іуэхутхьэбзэхэмкіэ и къудамэм и Іэщ1агъэлІэхэм зэуэ щ1ыхуитІ ирагъэблагъэфынущ, чэнджэщ щахуетынущ, зыхуей хьыбархэм щ1ыхагъэгъуэзэфынущ. Технологие лъагэм хэзщІа «ГАЗель»-м щІыгъущ связыр тэмэму кьыззэзыгъэпэщ антенн эр щагъэувэ гу щ1ыкІу. И кІуэщІым итщ щэнтиуэ, зэхуэгупэ тІысыпІитІ зиІэ стол-рэ мониторхэмрэ. Щ1ыпІэхэм зэрыщ1ылэжьэнум тэмэму зыхуагъэзыхьэзырым, щ1ыхуэр нэхъ зыхуэныкъуэ чэнджэщхэр зрагъэщІэн папщІэ, ахэр сэбэпыщхуэ мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пенсэ фондым и кьудамэр республикэм и жылагъуэхэмрэ районхэмрэ я унафэщІхэм жьыкІэр ядолажьэ, Іэщ1агъэлІэхэр здэкІуэнумрэ

Къэрал къулыкъущІэхэр ирагъаджэ

Лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурыІуэныгъэ дэлъныр зи кьалэным хьыхь къэрал, муниципальнэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм семинар-тренингэр щ1ыпрагъэхІуэкІ КъБР-м Хъыбарегъащ1э Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьныгъэхэмкІэ и министерствэм и конференц-пэщым.

Гъуэгур зэрагъэпэщ1ыжащ

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Узэмыджа гуемыІущи, узэуІу гъунэгъущ.

«Адыгэ псалъэр» къыхъыхэ

Къысхуэмыгъэсу сыпоплъэ

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэ псоми Илъэсыщ1э къэблагъэмкІи щ1ышылэм и 13-м ягъэлъэпІэну Урысей Печатым и махуэщхуэмкІи сынывохьэхъу! Пльэкъым хуэлажьэ фэ гуп дахэм хуэдэхэр дИІэу, дыщІэгъуазвэ ди адыгэбзэр, Тхьэм жиІэмэ, кІуэдыжьынкъым.

Адыгэбзэ - дадэ и бзэ,
Сыту убзэ дахэ!
Адыгэпсэ - нанэ и псэ,
Сыту упсэ дахэ!

НалО Заур мы и сатырхэр псэм йобылІэ икІи куэд кьызэщІаубыдэ. Лъэпкъым и бзэ дахэр хъумэным, абы зегъэужьыным хуэнэтІауэ Іуэхушхуэ зыщІэхэм фэри фащ1ыщщ. Я1эрауэ, ар зи фІыщІэу кьэслыгъэр «Адыгэ псалъэ» газетым и тхьамадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэщэ, редакцэ жьэгу пащ1ым и нэхъыжьыфІырщ. ДыщогуфІыкІ ди къуажэм щ1ыщ, ди курыт еджапІэр къэзыуэ Жьэхьмахьу Марини и гуащІэ а лэжьыгъэшхуэм зэрыхэлъым. Фи лэжьыгъэм папщІэ фхуэфащэщ щ1ытхъумрэ хъуэхъумрэ я нэхъыфІри, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ фиІэу, фи гуащІэр мыкІуащІу, ди Іыхьлыхэр фхуэузыншэу, фи лэжьыгъэм и хьэр фльагъуэу куэдрэ фыпсэуну ди гуапэщ.

«Адыгэ псалъэр» тфІэфІу, кьыщыдэмыкІ махуэм дыхуэзэщІу, дэтхэнэ напэкІуэцІри щІэщыгъуэу щІыдоджьыкІ. Псом хуэмыдэу, сэ кьысхуэмыгъэсу сыпоплъэ щ1эбэт кьыдэкІыгъуэм кьытехуэ «Малъхьэдис» напэкІуэцІым, Мыз Ахьмэд, и «Псалъэзэблэдзым». Ахьмэд сохъуэхъу и акъылыр жану, узыншагъэ быдэ и1эу куэдрэ тхуэлэжьэну. Зы кьуажэжь дыкъыщалъхуащи, сроугушхуэ.

Бзэ псорИ фІыщ, ауэ си адыгэбзэр зыпэсщ1 щ1ыкъым, си тхыгъэри сухынщ Бемырзэ Мухьэдин и псалъэхэмкІэ:

Си адыгэбзэ, уэ утъэщІ,
Зи зэманыгъуэу угурыхущ,
Щ1ыхугу дэтхэнэри къотІэщ1,
Ущагъабзэкіэ Іэрыхущ.

КЪЭЗАННШ ФатІимэ,
егъэджакІуэу ильэс куэдкІэ лажьа.
Кэнжэ къуажэ

«Адыгэ псалъэр» кьыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэдзакІыкІуэ льапІэхэ!

Фищу къыдогъэкІыж 2014 гъэм и ящэ нэхъ ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 403-рэ кІэ-плейкІэ 32-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытегъэ хъунущ республикэм и почт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Спортым и мардэ-хэр

«Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ щIэблэр зэрагъасэ Iэмалиц» зыфIаща «СтIол хъурей» КъБР-м и Парламентым щекIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Саенкэ Татьанэ, Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщ Сумаев Ахьмэт, ЩIалэгъуалэ IуэхугъэмкIэ, цIыхубз зэгухьэныгъэхэмкIэ, хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ комитетым и унафэщ Абдэ Татьанэ, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэ Парламентымрэ суд Iуэхущ1апIэхэмрэ щыIэ Дышэкl Мадинэ сымэ.

- КъАлЭНУ щыIэм и нэхъыщхьэщ щIэблэ уэршнэ дIенэр. Абы щыхьэкIэ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ я Iэмалхэр къэгъэсэбэпын хуейщ, сабий садхэмрэ школхэмрэ мы Iуэхум гупылъ щыхьэщыпхъэщ. Дышцыззэхуэсари а сом епхауэ щыIэ щыщIэныгъэхэмрэ екъулIэныгъэхэмрэ я гугъу щIын папщIэщ, - жиIащ **Саенкэ Татьанэ**, зэIущIэр къыщызэуихым.

«СтIол хъурей» къыщыпсэлъащ КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм физическэ щэнхабзэмрэ щыIуэ куэд зыхэт спортымрэ зегъэужьыныжьмкIэ и къудамэм и унафэщI **Анаев Асльэн.** Абы къыхигъэщащ щIэблэр уэрамым хьэулейуэ дэмытым щхьэкIэ спорт секIущ зэмылIэужьыгъуэхэм дегъэхьэхын зэрыхуейр. Псом хуэ игъэщIпхъэуэ кIыпIыгащ республикэм и кIалэхэмрэ районхэмрэ спорт я волейболыр республикэм къыщыIэуэхур нэсу къыщIэзгъэпэщыныр.

● КъБР-м и Парламентым

- Физическэ щэнхабзэмрэ и къухьым зегъэужьыныр, щхьэ щIэгъэхубжьауэ абы жиIащ и унафэщым и къуэдзэ, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ, тхьэмахуэм кIыриубыдэу ебжапIэхэм абы хуэхах зэманым зы сыхьэт щIыдгъуащ. Спортым теуэ Iуэхугъуэ куэд республикэм къыщызыдогъэпэщ. Апхуэдэхщ, хабзэ тхуэхьуауэ, Налшык Хьэтlохъущокъуэм и жыг хадэм щедгъэжIыжкI пщэдджыжь зарядкэр, кIыхуеджэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэт спорт зэхьэзэхуэхэмрэ зэпеуэхэмрэ, ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ физическэ щэнхабзэмкIэ едгъэжIыжкI Iуэхугъуэхэр, - жиIащ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм и къудамэм и унафэщI **Текуев Асльэн.**

Бахьсэн районым спортым и лъэныкъуэкIэ и Iуэху зыIутым къыщыхуэсахэр щигъэгъуэзащ куей администрацием и унафэщым и къуэдзэ **Iэхъуэбэч Анзор.** Куейм екъулIэныгъэфIэхэр зыIэрызыгъэхьа и спортсменхэм я ящыщу абы я щIэриIуащ Урыш Анзор, Машэжь Расул, Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ, Мырзэкъан Азэмэт сымэ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м волейболымкIэ и федерацэм и унафэщI **Гъуэнокъуэ Руслан.** Абы жиIам кхыхэбгъэщ хъунущ бзылъхугъэхэм я волейболыр республикэм къыщыIэтыжьын хуейуэ къызэрильытэр.

- Спортымкlэ факультетыр къэзыухэм ящыщу я Iэщlагъэм ирилэжьэжыр мащIэщ. Абы и щхьэусыгъуэр къыдгурыIуэн хуейщ. Спортым профессионалнэу ухэтын щIэбдзэнэ, унагъэмрэ пIэщIэ ухуохьу, уи быныр бгъэсэнуи зэман кхьIухдэхуэркъым. Я гуащIэм хуэфащэн лэжьапIэм иратыркъым.

Тренерхэм я лэжьапIэ Iэнатlэхэр тэмэму кхьиэрэтэпэщакъым, спорт хуэIуэхуэщIэхэр мащIэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, тренерхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ екъулIэныгъэшхуэ къагъэльэгъэн хуейуэ япэбубыдыныр къеэзгъуэ кхъеслыгъэркъым.

Сабийхэр спортым дихьэхын папщIэ, зэпеуэ щIэщыгъуэхэмкIэ, саутъэтхэмкIэ кхьидэпхьэхын хуейщ. НэхъыщIэ пэтми, абыхэми хабзэ гуэр якIэпльэхьапхъэщ. Спортым куэд кхьиэщIебыдэ. Абы ухуегъасэ щэнхабзэмри, цIыху хэтыкIэми, ныбжьыгъуэ Iыгъыкlэми, - жиIащ Спортымрэ туризмэмкIэ, ЩIалэгъуалэ Iуэхугъэмкlэ, цIыхубз зэгухьэныгъэхэмкIэ, хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ комитетхэм хэт **Хъущт Асльэнэфэ.**

- Ди республикэр нэгъуэщIхэм сыт щыгъуи къахощ спорт екъулIэныгъэ инхэмкIэ. Си гуапэщ, нобэрей зэIущIэм спортсмен цIэрыIуэсуп, Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ, Мырзэкъан Азэмэт сымэ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м волейболымкIэ и федерацэм и унафэщI **Гъуэнокъуэ Руслан.** Абы жиIам кхыхэбгъэщ хъунущ бзылъхугъэхэм я волейболыр республикэм къыщыIэтыжьын хуейуэ къызэрильытэр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Хьэщlэгъуэгу Къэсей и гъусэу. *Мейкъуапэ, 2010 гъэ*

«КъэхутакIуэхэр» диплом спектаклым Хьэмыкъ Жаннэрэ Балъкъыз Валерэрэ щIоджэгу. *1975 гъэ*

● ДифI догъэлъапIэ

БАЛЪКЪЫЗ Валерэ: Театрым емыпхауэ мурад гуэри сиIэкъым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысей Федерацэмрэ щIыхь зиIэ я артист, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актер пажэ Балъкъыз Валерэ дыгъэгъазэм и 12-р къыщалъхуэ махуэщ, и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъуащ, дохъуэхъу хэнишагъэ быдэрэ ебгъэпIэныгъэрэ и куэдыну, зыгорыжьэ Iуэхуэхэр къыдэхъуэр псэуну.

И лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, Балъкъыз зэман зэхуэмыдэхэм щытащ КъБР-м и телевидеенэм и диктору, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым и актеру, Гъуэджэхэмкlэ Кавказ ИнцIэрэз институтым и актор гупым и егъэджакIуэу икIи и художественнэ унафэщIу, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и унафэщIу, Валерэ и творческэ гъэзугъэнэр зэрыкупщIафIэм щыхьэт тохъуэ образэ 100-м нэс къыззригъэщIар, спектакIхэм, телефильмхэм, художественнэ фильмхэм щыдгъэгъуэм. Абыхэм ящыщу спектакIь 48-м роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщIащ. Псалъэм папщIэ, Аграновский Валерий и «Малаховыр къэзгъэуэвыI» пьесэм къытращIыкIа спектаклым Малахову щыджэгуащ, Нэш Ричард и «Уэшх зыщ» спектаклым - Старбак Билл, Горин Григорий и «Кин IV» пэжьыгъэм - Кин IV, Булгаков Михаил и «Хьэм игу» спектаклым - Шариков сымэ я образхэр щицIащ.

Балъкъыз Валерэ. *2013 гъэ*

Псыпэр зэрыкIуэм...

- ДЗЭМ къулыкъу щыщыс щIа ильэситIми армэм и самодеятельностым сыкъыщыфащ, - игу къегъэкIыж Валерэ.

- Артист ЩIалгъэр сигу ирихьыри, къэзгъэзэжауэ и Къэбэрдей драмэ театрым сыкIуащ. Теувэж СультIант абы щыгъуэ режиссёр нэхъыщхьэ. Абы зы къэгъэзэжкIэ сигъэзэжащ актёрхэм я дэIепыкъуэгъуэхэм сахэту. ИтIанэ, Щэнхабзэмкlэ министерствэм и унафэкIэ, Щукиным и цIэр зезыхьэ Урыс щэнхабзэм щеджэну ягъакIуэ гупым сыхэту Москва сыкъыщыхутащ. Ящэ ильэситым кIыribыдэу зыкъомкI тхуэфIэкIэт, дахуэркъеждженнэ унафэщI Каниновский Леонид и фIыщIэкIэ. Абы къыщыджэри, ди концерт программэмрэ Вампилов Александр и «Къуэ нэхъыжьэ» пьесэм къытетщIыкIа ди ящэ спектакрри ди республикэми Къэрэшей-Шэрджэсми щыдгъэпсэгъуат. КъыхэзгъэщIыхьащ «Къуэ нэхъыжьыр» Каниновскэм и унафэкIэ Шэрджэс Мухьэмэдрэ сэрэ абыгъэбзэк къидгъэтIэсауэ зэрыщытар, апхуэдэ щыкIэкIэ зэдзэкIакIуэ лэжьыгъэмэ зетпщыт зэрыхъуар. «Къуэ нэхъыжьым» щыгъэзэщIа роль нэхъыщхьэр, Сарафановым ейр, хуабжьу сигу ирихьауэ, гукъинэжи сщыхъуауэ щытащ. Училищым къыщыдухьым щыгъуэ диплом спектаклу 7 дгъэхьэзырауэ къыздэтшэжати, абыхэм ящыщу сэ 5-м сыхэтащ.

Театрым и нобэмрэ и блэкIамрэ

- ТЕАТРЫМ уцыплъэжыщ зэи тыншу щытакъым, абы щыгъуэми, екъэжауэ балъхьу лъэпкъ драматургие щымыIэкIэ, спектаклхэр зыхуей хуэзыгъаз художник-постановщик, сценограф хуэдэхэр хъыщомэщIыкIкIэ. Псалъэм папщIэ, «Уэшх зыщэ», «ЩIыщIэ къэIэта» спектаклхэм хуэдизкIэ къвэзэгъуэ, сыт и лъэныкъуэкIи къеклуу лэжьыгъэм и купщIэм щIэнэм и тепIэм къигъэльагъэуэ, Уелбмэ Iупхъуэр зэрыIуахыу театрепльэхр Iэгу щеуэ спектаклхэр щыIащ. Ди жагъуэ зэрыхъэщIи, сценографие и Iуэхукlэ лэжьыгъэ бэлъхь иджыпсту диIэу схужыIэнукъым.

Актёр и лъэныкъуэкIэ зыпIэмэ, апхуэдэ IэщlагъэлI дыхуэныкъуэу си гугъэхъым, бгъэлажьэмэ, сыт хуэдэ Iуэхуми пIэпэщыну апхуэдащ гупыр. Иджыпсту Щукиным и цIэр зезыхьэ театр институтым и 3-нэ курсым зы адыгэ гуп цIыкIу щоджэри, ильэситI иримыкIыкIэ абыхэми къаблъэзэжынущ. Иджыри зы кIыгъэзгъэзэжри, спектаклхэм щыджэгункъым дызыхуэнакъуэр, пьесэфIэр ар утыкум хуэзыгъэхьэзырын ЩIалгъэлIэмрэщ.

Са театр куэдым я лжэныгъэ гупсэгъуащ, Iуэхущ1апIэ щыIэу си фIэщ хъурхъым адыгэ театрыр кIэзыIэзыха, абы и лЬабжьэр зыгъэтIылъа ди актёр нэхъыжьхэм хуэдэхэмкIэ кIуленуэ. Я къаруу емыблэжу я IэнатIэм бгъэдэта, роль дахэ куэд гукъинэжу утыку кIэзыхьа адыгэ театрым и артистхэм пщIэщхуэ я кIыхуэщIу, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я мызакъуэу, Ипщэ Федеральнэ щыIнальэм щыIажьэ театрэм я лжэныгъэуэ кIыдфIэлIыкIыу щыгъащ. Ар си закъуэжьым жьыIэр, театр гъуэзджэм зыгуэр хэзыщIыкI дэтхэнэми ещIэ зи гугъу сщIыр. Ди актёрхэм апхуэдизкIэ талантышхуэ ябгъэдэлът, эфIэкIышхуэ яIэу зыкъыгъэлъагъуэртри, Къэбэрдей драмэ театрым и артистхэм хуэдэ дихъуарт жьымыIэрэ абы хуэмыпабгъэрэ къэгъуэтыгъуейт. Адыгэ театрыр нэгъуэщI щыналъэм щыуа нэужь, хагъэрейхэр щыту Iэгу къыхуеуэу ахэр щIрагъэблагъэр ди япэ ита, театрыр къызэIуэпхъа нэхъыжьыфIхэм я гуащIэм, я зэфIэкIым, я Iуэху бгъэдыхьэкIэм щхьэкIэт. Абыхэм я утыку итыкIэм, роль гъэззщIэкIэм щIэнтхэ къытумыхынкIэ Iэмал иIэткъым. Са сроугушуэ сыщIалэжь щыкIуу артистышуэхэм сазэрыхэхуам, абыхэм я джэгуклэм сыкIэлыпльпIыну Iэмал сызэриIам.

КъыхэщхьэхукI ролхэр

- КъЕЗБЖЭКI нэужькIэ, куэд щыIэкъэ, ауэ «Хьэм игу» къахэзгъэщхьэхукI лжэныгъэхэр сиIэщ. Апхуэдэщ «Къуэ нэхъыжь» спектаклым, «Хьэм игу» (зыгъэзащIа Къэзгъэгу Къэсей), «Уэшх зыщэ» (Фырэ Руслан), «Кин IV», «ЦIыхухъэр, щыхубзыр, хьэдэ мыщIыхъэр» (Дзбагъуэ Роман) лжэныгъэхэм щыIэ. Абы гъэззщIа ролхэр. Ахэр си репертуарым зэрыхэтым сроугушхэ.

И роль нэхъыфIхэм къыдэкIуэу, нэгъуэщI Iуэхухэми щогуфIыкI Балъкъыз Валерэ. Ар иропагэ Къэбэрдей драмэ театрыр япэ дыдэу хамэ я зэрыщIауэ щытам. Iутlыж Борис и «Дамэ-лейм»рэ» (зыгъэзащ Хьэщlэгъуэгу Къэсейт) Башбеков Шараф и «Гъущlым кIыхь щыIкIа фIыэмрэ» (ренессёр Фырэ Руслант) яшэри, Тырхум маззам нэблагъэкIэ щыIат. «Сэ сыт щыгъуэ ди си Iуэхупсапlэт адыгэ здэщыIэм ди театрыр нэзгъэсыну, ди Iуэхущ1апIэм и цIэр фIыкIэ згъэIуну, нэгъуэщI Iуэхухэм щогуфIыкI Балъкъыз Валерэ. Ар ироп

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

Нэхъыжьхэр къэзыгъапцIэхэр

• Хабзэ

Зи ныбжь хэкIуэтахэр къэзыгъапцIэхэм тральхьэ тезырхэр гъэткIиныным теухуа законопроект Адыгэ Къэрэсэе Правительствэмрэ Суд Нэхъыщхьэмрэ яIэрыгъэхьащ, абы хигъэпльэн мурадкIэ. Жэрдэмыр и чэзу дыдэу кыхалъхьащ - хьэжьвакъэжьыштхэм я дежкIэ жыкIэфэкIэхэр нэхъ къэгъапцIэгъуафIэ нкIи тыншу ахьшэ кыкъызыIэщIагъэкI хъущ.

Цыху цIэрыIуэхэри хелъафэ

Илъэс 63-рэ зи ныбжь саранскдэс цыхубзым и деж иджыблагъэ зыгуэр къэпсэльащ. Абы жиIащ зауэ зэманым лэжьа и анэм, илъэс 88-рэ зи ныбжьым, сом мин 322-рэ къратыну унафэ щыIэу. «Социальнэ лэжьакIуэу» жызыIам псальэм кыцIэкIуэу кыхигъэщащ ахьшэр кьалэрыхьэн папщIэ налог ятын зэрыхуейр. Цыхубзыр щхьэхакъым: банким кIуэри, сом мин 42-рэ иутIыпщащ.

Ауэ абдежи Іуэрыр щиугъакъым. ЕтIуанэ махуэм аргуэру нэгъуэщI кьэпсэлъащ, псори щIэрыщIэу кьабжьыри, зауэ зэманым лэжьам сом мин 810-рэ хуэзэу кыщIэкIащ, жиIэри. Емыгупсысыхэу, цыхубзым «налогым» хуэзэ сом мини 130-р яхуигъэхьащ.

ПсынщIэ дыдэу сэтей къэхъуащ псори гъэпщIагъэ зэфэ́ззэщу зэрыщытыр. Уголовнэ Іуэху кьалэтащ, ау бэдджащ эхэр кьахуэмыгъэтыхэхэри Іуэхум хэтлащ.

Пэжщ, иджы дыдэ Москва кьалэ судым унафэ ятрищы-

• Зэдэгъэжьэныгъэ

БРИКС-м и лъэхъэнэщIэ

БРИКС зэгуэхэныгъэм - Урысей, Бразилие, Индие, Китай, Африкэ Ипщэ - и бийхэм ар «щIалъхьжьну» иужь итщ. Геополитикэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Іэрыщ зэгуэхэныгъэр и кIуэцIым щекIуэкI зэгурымыIуэныгъэм текIуэджьнущ. Езыхэм зэрыжаIэмкIэ, къэкIуэнум куэдкIэ щогугъ. 2014 гъэм БРИКС-м и экономикэ зэдэлэжьэныгъэр зыхуэдэнур яубзыхуныщ, абы наIуэ кьищIынущ здаунэтIыну лъэныкъуэр.

Абы щытепсэлтыхьащ УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм кьыгъэригъэпэща дунейпсо конференцэм. «Дыдэрыздэлэжьэну щIыкIэм фокIадзэм тепсэлтыхьым щIадзащ, - жиIащ министерствэм Азие, Африкэ къэралхэмкIэ и департаментым и унафэщI Попов Евгений. - ЮАР-м щыщ ди лэжьэнхэм кьыхалъхьащ БРИКС-м хыхьэ къэралхэм лэжьаиIэнщIэхэр щыгъэмэщIэныем теухуа зи гугъу тщIы дэфтэрым хэдгъэхьэн хуейуэ. Апхуэдэуи Китайм щыщхэм инвестицIэ, сату ІуэхумкIэ къэралхэр зэрызэдэлажьэр нэхъ тынш щIыным теухуа план зэхалъхьащ».

БРИКС-м кьызэщIиубыдэ къэралхэм дунейм щIыху тетым я процент 43-р щопсэу. Дунейпсо ВВП-м и процент 27-р хуоз а къэралхэм. Къэбгъэльагъэмэ, Урысейм Хамэ хэрал ІуэхуэхэмкIэ и министерствэм Іуэху хэхахэмкIэ и посол Луков Вадим зэрыжиIамкIэ, а къэралхэр экономикэ зыужьыныгъэр щыхэтеувыIэ лъэхъэнэм хуокIуэ. Абы ипкъ иткIэ, ящIапхъэхэр фIэкIыпIэ имыIэу ящыIуэ хуейщ.

«Российская газета»

Нэхъыжьхэр къэзыгъапцIэхэр

• Хабзэ

хьащ лыжь сымаджэхэр къэзыгъапцIэ бзаджащIэ 13-м. Абыхэм я унафэщIэ Урысей къыкIэ щIалэр.

Гъэпцlакlуэхэм илъэситIым къриубыдэу пенсионер жыIэзыфIэщхэм кьыIэщIагъэкIащ сом мелуани 5. Гугъу зрагъэхьыртэкьым: телефонкIэ псалъэхэрт «дохутыри», эрылыкIын уз кьеуэлауэ кьахутауэ жьыкIэфэкIэхэм жраIэрт. Зи ныбжь хэкIуэтахэр зэрыгучьыеэр кьагъэсэбэпыр ти, щIыIуэпцIыщхэм абыхэм хуагъэльагъуэрт, лъапIэу щытми, хущхьэфI дыдэ кьащхэуну. Апхуэдэ зы таблеткэр и уасэт сом мин 60-м щыщIэдзауэ мелуан 1,2-м нэс.

БзаджащIэ гупыр хьым кьихуащ актрисэ цIэрыIуэ Светличная Светланэ кьагъэпцIа нэужь. Бзаджэнэджхэм абы кьыIэщIагъэкIащ сом мин 400. Кьыззраг ъэпцIар кьыщIищIэм, абы полицэм зыихуагъэзащ.

Судым и унафэм ипкъ иткIэ, илъэсипщI лъэхъуэщым щитъэкIуэн хуейщ Орёл областым щыщ Ястребков Евгений, адрейхэри жэуапым ирашэлащ. Арщхьэкlэ кьагъэпцIаэм кьыIэщIагъэкIа ахьшэр щратыжьынур зэкIэ жыпIэну гугъущ.

Къарууншэхэм уатегушхуэну нэхъ тыншщ

МЫ IУЭХУМ уегъэгужьей, апхуэдизкIэ напэншагъэкIэ гъэнщIащи. Мис абы кьыхэкIыущ Къэрал Думэм Финанс рынокымкIэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ Савельев Дмитрий мы законопроектыр щIигъэхьэзырар. Депутатым кьыхелхьэ жьыкIэфэкIэхэм яхуэгъэзэауэ зэрыгъэщагъэ зыIэжьхэр жэуап ткIийм ирашэлIэну.

Зи ныбжьыр илъэс 70 иракъуэ, абы щIигъуэ цыхухэр кьэзыгъапцIэхэр жэуапым еизлIэн хуейуэ кьыхалъхьат 1990 гъэм я зэхуэдитым. Арщхьэкlэ жэрдэмым гъэгу игъуэтакьым. Законопроектым щIыгъущ хьэгъэщагъэкIащ. Мис абы кьыхэкIыущ Къэрал Думэм Финанс рынокымкIэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ Савельев Дмитрий мы законопроектыр щIигъэхьэзырар. Депутатым кьыхелхьэ жьыкIэфэкIэхэм яхуэгъэзэауэ хьэгъэщагъэ зыIэжьхэр жэуап ткIийм ирашэлIэну.

Зи ныбжьыр илъэс 70 иракъуэ, абы щIигъуэ цыхухэр кьэзыгъапцIэхэр жэуапым еизлIэн хуейуэ кьыхалъхьат 1990 гъэм я зэхуэдитым. Арщхьэкlэ жэрдэмым гъэгу игъуэтакьым. Законопроектым щIыгъущ хьэгъэщагъэ зыIэжьхэр жэуап ельэльэ щIыгъэ. Ауэ ар зэхьэлIар ныкъуэдыкъуэхэмрэ зи акьыл мыгъэмэхэмрэщ.

КОЗЛОВ Наталье.
«Российская газета»

БРИКС-м и лъэхъэнэщIэ

• Зэдэгъэжьэныгъэ

БРИКС зэгуэхэныгъэм - Урысей, Бразилие, Индие, Китай, Африкэ Ипщэ - и бийхэм ар «щIалъхьжьну» иужь итщ. Геополитикэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Іэрыщ зэгуэхэныгъэр и кIуэцIым щекIуэкI зэгурымыIуэныгъэм текIуэджьнущ. Езыхэм зэрыжаIэмкIэ, къэкIуэнум куэдкIэ щогугъ. 2014 гъэм БРИКС-м и экономикэ зэдэлэжьэныгъэр зыхуэдэнур яубзыхуныщ, абы наIуэ кьищIынущ здаунэтIыну лъэныкъуэр.

Абы щытепсэлтыхьащ УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм кьыгъэригъэпэща дунейпсо конференцэм. «Дыдэрыздэлэжьэну щIыкIэм фокIадзэм тепсэлтыхьым щIадзащ, - жиIащ министерствэм Азие, Африкэ къэралхэмкIэ и департаментым и унафэщI Попов Евгений. - ЮАР-м щыщ ди лэжьэнхэм кьыхалъхьащ БРИКС-м хыхьэ къэралхэм лэжьаиIэнщIэхэр щыгъэмэщIэныем теухуа зи гугъу тщIы дэфтэрым хэдгъэхьэн хуейуэ. Апхуэдэуи Китайм щыщхэм инвестицIэ, сату Іуэхумкlэ къэралхэр зэрызэдэлажьэр нэхъ тынш щIыным теухуа план зэхалъхьащ».

БРИКС-м кьызэщIиубыдэ къэралхэм дунейм щIыху тетым я процент 43-р щопсэу. Дунейпсо ВВП-м и процент 27-р хуоз а къэралхэм. Къэбгъэльагъэмэ, Урысейм Хамэ хэрал Іуэхуэхэмкlэ и министерствэм Іуэху хэхахэмкIэ и посол Луков Вадим зэрыжиIамкIэ, а къэралхэр экономикэ зыужьыныгъэр щыхэтеувыIэ лъэхъэнэм хуокIуэ. Абы ипкъ иткIэ, ящIапхъэхэр фIэкIыпIэ имыIэу ящыIуэ хуейщ.

«Российская газета»

Фи фIэщ хъурэ тхьар зыхуалъэ къулыкъухэр щыIэр? Си фIэщыщэ хъуркъым. Арщхьэкlэ ди акъылым къимытIасэ Іуэхуэхэр йокIуэкI. Псальэм и хьэтыркIэ, 2001 - 2010 гъэхэм Инджылызым къэрал кIуэцI Іуэхуэхэмкlэ министру тху щыIэзрахьуэкIащ, къаугъэ гуэрхэм хэпщIыуэ.

